# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2023 (ANNUAL)

**Sub. Code – 104**

**Model Set**

**MAITHILI (MT)**

**मैथिली (मातृभाषा)**

**समयः 3 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक–100**

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 का ही मूल्यांकन होगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर देने के लिए उपलब्ध कराये गये OMR उत्तर–पत्रक में दिये गये सही विकल्प को काले/नीले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का OMR उत्तर–पत्रक में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में 20 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं ?

8. किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–अ

## (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 तक प्रत्येक वस्तुनिष्ठ प्रश्नक संग चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय OMR शीट मे भरू। उक्तमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ। ***50x1=50***

1. राजमोहन झा लिखने छथि

(A) राष्ट्रभाषा ओ मातृभाषा (B) भोजन

(C) चन्द्रमुखी (D) पर्यावरण

2. 'वन्दना' शीर्षकक रचयिता छथि

(A) उदयचन्द्र झा 'विनोद' (B) चन्द्रभानु सिंह

(C) विद्यानाथ झा 'विदित' (D) सुकान्त सोम

3. 'बाजू बन्द खुलि–खुलि जाय' अछि

(A) ठुमरी (B) ध्रुपद

(C) दादरा (D) खयाल

4. 'यात्री'जीक विचारधारा छलनि

(A) प्रगतिवादी (B) परम्परावादी

(C) शृंगारिक (D) भक्ति परम्परा

5. 'काशीकान्त मिश्र' उपनामे जानल जाइत छथि

(A) मधुप (B) कान्त

(C) कवि चूड़ामणि (D) (A) आ (C) दूनू

6. मैथिलीमे पहिल महाकाव्य थिक

(A) राधा विरह (B) सीतायन

(C) चाणक्य (D) मिथिला–भाषा रामायण

7. भरदुतियामे बहिन भाइ लेल मँगैत अछि

(A) धन–सम्पत्ति (B) ज्ञान–बुद्धि

(C) अरुदा (दीर्घ जीवन) (D) कार–मोटर

8. 'कर्मवीरसँ कोटि–कोटि संकट भयभीत पड़ाय' पाँती अछि

(A) 'जय जवानः जय किसान'क (B) 'एड्सक कालनाग'क

(C) 'वन्दना'क (D) 'कर्मवीर'क

9. ''अहाँक श्वासक सुरभि

अहाँक अस्तित्वक गरिमा थिकीह .....'' ई कहल गेल अछि

(A) बहिन लेल (B) दीदी लेल

(C) पत्नी लेल (D) माय लेल

10. 'लखन'जीक गुरु रहथिन

(A) तंत्रनाथ झा (B) रमानाथ झा

(C) उमानाथ झा (D) जयकान्त मिश्र

11. भाषाकेँ कहल गेल अछि

(A) ईंटा (B) सीमेन्ट

(C) गिलावा (D) सुरखी

12. विद्यापति लिखित 'पुरुष–परीक्षा'क अनुवादक छथि

(A) तंत्रनाथ झा (B) सुधाकर झा 'शास्त्री'

(C) चन्दा झा (D) जयकान्त मिश्र

13. 'जब्बर'क अर्थ होइछ

(A) जबार (B) जबरा

(C) जोरगर (D) जबूरा

14. ''न्याय वैह जे हमरा ........ हमरे हितमे हो'' – एतए रिक्त–स्थानमे होएत

(A) अप्रिय (B) प्रिय

(C) असंगत (D) संगत

15. 'बून्दे–बून्दे घैल भरै छै' पाँती अछि

(A) 'वन्दना' शीर्षकक (B) 'बच्चा' शीर्षकक

(C) 'जय जवानः जय किसान' शीर्षकक (D) 'माँ' शीर्षकक

16. निम्नलिखितमे स्वर वर्ण अछि

(A) 'ट' वर्ण (B) 'स' वर्ण

(C) 'ह' वर्ण (D) 'अ' वर्ण

17. 'बाबाक आत्मीयता'क लेखक छथि

(A) यात्री जी (B) अशोक

(C) उमाकान्त (D) भाग्य नारायण झा

18. 'लम्बोदर' शब्द समासक भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) कर्मधारय (B) द्विगु

(C) द्वन्द्व (D) बहुब्रीहि

19. चन्दा झाक रचना अछि

(A) मिथिला–भाषा रामायण (B) राधा–विरह

(C) कृष्णजन्म (D) सीतायन

20. विद्यापतिक कारणेँ जानल जाइछ

(A) ठाढ़ी (B) महिनाथपुर

(C) टेकटारि (D) बिस्फी

21. 'बताह' शब्द, शब्द भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

22. 'पर्यावरण' शीर्षकक रचनाकार छथि

(A) दीनेश्वर लाल 'आनन्द' (B) जयकान्त मिश्र

(C) अशोक (D) उमाकान्त

23. 'सोनक ममता' एकांकीक रचनाकार छथि

(A) महेन्द्र मलंगिया (B) भाग्यनारायण झा

(C) जयकान्त मिश्र (D) रत्नेश्वर मिश्र

24. गोदावरी दत्तकेँ दक्ष शिल्पीक पुरस्कार भेटलनि

(A) 1777 ई0मे (B) 1978 ई0मे

(C) 1979 ई0मे (D) 1980 ई0मे

25. दिक् + अम्बर = दिगम्बर उदाहरण थिक

(A) गुण सन्धिक (B) वृद्धि सन्धिक

(C) व्यंजन सन्धिक (D) विसर्ग सन्धिक

26. 'ओझा' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ

(A) ओझानी (B) ओझाइनि

(C) ओझाइन (D) (B) आ (C) दूनू

27. 'पुरुष' शब्द लिंग भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) पुँल्लिग (B) स्त्रीलिंग

(C) उभयलिंग (D) नपुंसक लिंग

28. लक्ष्मण झाकेँ बिहार सरकार स्कॉलरशिप देने रहनि

(A) लंडनसँ एम्. ए. करबा लेल (B) पीएच्0 डी0 करबा लेल

(C) एम्0ए0 आ पीएच्0 डी0 करबा लेल (D) आन शिक्षा प्राप्त करबा लेल

29. गोविन्ददासक संगृहीत गीतक पुस्तकक नाम अछि

(A) शृंगार भजन (B) चन्द्रपद्यावली

(C) चन्द्र रचनावली (D) शृंगार भजनावली

30. 'समुद्र' शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) सागर (B) सिन्धु

(C) रत्नाकर (D) उक्त तीनू

31. 'भूत सवार होयब' केर अर्थ होइछ

(A) भूतक सवारी करब (B) उद्यत होयब

(C) भूत लागब (D) भूतसँ डर लागब

32. 'दर्शन करबा योग्य' कहाइत अछि

(A) दार्शनिक (B) दर्शनज्ञ

(C) दर्शनीय (D) दार्शनीय

33. 'जुआएल कनकनी' रचना छनि

(A) महेन्द्र मलंगियाक (B) अशोकक

(C) लिली रेक (D) विभा रानीक

34. काशीकान्त मिश्र 'मधुप'क रचना अछि

(A) घसल अठन्नी (B) शतदल

(C) भावि भरदुतिया विधान हे (D) उक्त तीनू

35. व्यक्तिगत चिट्ठी–पुर्जी सेहो काव्येमे लिखैत छलाह

(A) यात्री (B) किरण

(C) मधुप (D) सुमन

36. 'अरिपन' देल जाइछ

(A) देवाल पर (B) जमीन पर

(C) कोहबर घरक देवाल पर (D) उक्त तीनू ठाम

37. 'लिली रे'क पुरस्कृत उपन्यास अछि

(A) मरीचिका (B) उपसंहार

(C) पटाक्षेप (D) उक्त तीनू

38. 'मरीचिका' उपन्यास विभक्त अछि

(A) दू खण्डमे (B) तीन खण्डमे

(C) चारि खण्डमे (D) पाँच खण्डमे

39. 'सिंह' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ

(A) सिंही (B) सिंहनी

(C) सिंहिनी (D) सिंहाइन

40. व्युत्पत्तिक आधार पर संज्ञाक भेद अछि

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

41. राम लग श्यामसँ चारि गुण धन छैक, उदाहरण थिक

(A) संख्यावाचक विशेषणक (B) गुणवाचक विशेषणक

(C) निश्चयवाचक विशेषणक (D) परिणामवाचक विशेषणक

42. राजू पढ़िक सूतल अछिमे 'पढ़ब' आ 'सूतब' उदाहरण थिक

(A) प्रेरणार्थक क्रियाक (B) पूर्वकालिक क्रियाक

(C) संयुक्त क्रियाक (D) सहायक क्रियाक

43. 'ई कलम जकर छैक, से लए जाउ' एहिमे 'ई' थिक

(A) निश्चयवाचक सर्वनाम (B) अनिश्चयवाचक सर्वनाम

(C) सम्बन्धवाचक सर्वनाम (D) निजवाचक सर्वनाम

44. 'यात्री' जीक पहिल कविता छपल रहय

(A) 1926 ई0 मे (B) 1927 ई0 मे

(C) 1928 ई0 मे (D) 1929 ई0 मे

45. लक्ष्मण झाक जन्म भेलनि

(A) 1914 ई0 मे (B) 1915 ई0 मे

(C) 1916 ई0 मे (D) 1917 ई0 मे

46. सुभद्र झा डी0लिट0् उपाधिसँ सम्मानित भेल छलाह

(A) पटना वि0वि0सँ (B) कलकत्ता वि0वि0सँ

(C) बी0 आर0 ए0, बिहार विश्वविद्यालयसँ (D) ल0 ना0 मिथिला विश्वविद्यालयसँ

47. 'दि फॉरमेशन ऑफ दि मैथिली लैंग्वेज'के रचयिता छथि

(A) सुभद्र झा (B) लक्ष्मण झा

(C) अमरनाथ झा (D) जयकान्त मिश्र

48. 'जे गरजय से बरसय नहि' केर अर्थ होइछ

(A) मेघक गरजला पर पानि नहि होइछ (B) बहुत बजनिहार सँ काज नहि होइछ

(C) जे नहि गरजत से बरसत (D) उक्तमे सभ

49. 'नासिका' वर्ण कहाइत अछि

(A) 'न' वर्ण (B) 'म' वर्ण

(C) 'ङ' वर्ण (D) उक्त तीनू वर्ण

50. भानु + उदयक संयोगसँ नव शब्द बनैछ

(A) भानोदय (B) भानौदय

(C) भानूदय (D) भानुदय

51. भोजन + आलय = भोजनालय, उदाहरण थिक

(A) दीर्घ सन्धिक (B) गुण सन्धिक

(C) वृद्धि सन्धिक (D) यण् सन्धिक

52. साहित्य अकादेमी सँ पुरस्कृत पुस्तक अछि

(A) नातिक पत्रक उत्तर (B) पत्रहीन नग्न गाछ

(C) मरीचिका (D) उक्त तीनू

53. ओ पुस्तक, जे अशोक नहि लिखने छथि

(A) मातवर (B) ओहि रातिक भोर

(C) झूठ–साँच (D) मैथिल आँखि

54. 'एक आदिः एक अंत' कथा संग्रह छपल रहय

(A) 1963 ई0मे (B) 1964 ई0मे

(C) 1965 ई0मे (D) 1966 ई0मे

55. क्रांतिकारी आन्दोलनक पुरोधा रहथि

(A) राम प्रसाद बिस्मिल (B) असफाक उल्ला खाँ

(C) चन्द्रशेखर आजाद (D) उक्त तीनू

56. 'चतुर्भुज' शब्द समास भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) तत्पुरुष (B) द्विगु

(C) कर्मधारय (D) बहुब्रीहि

57. 'जकरे धन, तकरे बल' उदाहरण थिक

(A) सम्बन्धवाचक सर्वनामक (B) निजवाचक सर्वनामक

(C) अनिश्चयवाचक सर्वनामक (D) निश्चयवाचक सर्वनामक

58. कारकक भेद होइछ

(A) दू (B) तीन

(C) सात (D) आठ

59. 'क' चिह्न अछि

(A) सम्प्रदान कारकक (B) सम्बोधन कारकक

(C) सम्बन्ध कारकक (D) कर्त्ता कारकक

60. 'त्याग' शब्दसँ विशेषण बनैछ

(A) त्याज्य (B) त्यागी

(C) त्यागल | (D) उक्त तीनू

61. सामान्य भूतकालक उदाहरण अछि

(A) श्याम गेलाह | (B) मोहन पढ़ैत छलाह

(C) सुधा गाम आयल छलीह | (D) सीता पढ़ि रहल छलीह

62. 'महेश' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ

(A) महा + ईश | (B) महा + इश

(C) म + हेश | (D) उक्तमे कोनो नहि

63. 'रामायण' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ

(A) राम + अयण | (B) रामा + अयण

(C) रा + मयण | (D) रमा + अयण

64. पेरिससँ भाषण विज्ञानक अध्ययन कयलनि

(A) लक्ष्मण झा | (B) सुभद्र झा

(C) अमरनाथ झा | (D) जयकान्त मिश्र

65. 'मैथिली व्याकरण मीमांसा'क लेखक छथि

(A) लक्ष्मण झा | (B) बालगोविन्द झा

(C) सुभद्र झा | (D) रमानाथ झा

66. मैथिलीमे फिल्म बनैबाक श्रेय छनि

(A) रवीन्द्रनाथ ठाकुरकैँ | (B) मायानन्द मिश्रकैँ

(C) मणिपद्मकैँ | (D) हरिमोहन झाकैँ

67. 'जय जवानः जय किसान' शीर्षक लेल गेल अछि

(A) 'रवीन्द्रक प्रगीत'सँ | (B) 'रवीन्द्रक सुगीत'सँ

(C) 'रवीन्द्र पदावली'सँ (D) 'स्वतंत्रता अमर हो हमर'सँ

68. 'वन्दना' शीर्षक कवितामे वर्णित अछि

(A) सीता–सन बेटीक (B) भारती–सन कुलबधूक

(C) विद्यापति-सदृश कविक (D) उक्त तीनूक वर्णन

69. उदय चन्द्र झा 'विनोद'क जन्म भेलनि

(A) 1940 ई0मे (B) 1941 ई0मे

(C) 1942 ई0मे (D) 1943 ई0मे

70. 'विभूति' शब्दक अर्थ अछि

(A) सम्पत्ति (B) वैभव

(C) गौरव (D) उक्त तीनू

71. 'चोरक मुह चाईं सन' केर अर्थ होइछ

(A) चोर चाईं होइछ (B) चोर आ चाईंक मुह एक रंग

(C) मुह देखलासँ व्यक्तिक परिचय भेटैछ (D) चोर मुह बनौने रहैछ

72. 'ओष्ठ'सँ उच्चरित वर्ण थिक

(A) 'प' आ 'फ' (B) 'ट', 'ठ' आ 'ड'

(C) 'द', 'ध' आ 'ल' (D) उक्त तीनू

73. 'भवानी' शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) पार्वती (B) गौरी

(C) सती (D) उक्त तीनू

74. 'यात्री'जीकेँ 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटल छनि

(A) कथा–संग्रह पर (B) कविता–संग्रह पर

(C) उपन्यास पर	(D) निबन्ध–संग्रह पर

75. 'बाध–बोन' होयत हरियर' पाँती अछि

(A) 'समय–साल'क
(B) 'ह आब भेल वर्षा'क
(C) 'क्रैक'क
(D) 'आन ठाम'सँ

76. सुभद्र झाक गाम छलनि

(A) रसियारी
(B) नागदह
(C) सतलखा
(D) राँटी

77. चन्द्रभानु सिंह छलाह

(A) ठाढ़ीक
(B) महिषीक
(C) नदियामीक
(D) कोइलखक

78. 'सीध'क अर्थ होइछ –

(A) सींथ
(B) शुद्ध
(C) सिद्ध
(D) सोझ दिशा

79. ''कालकूट घट पीबि, सुधा–रस जगमे बाँटि सकैछ'' पाँती लिखने छथि

(A) चन्दा झा
(B) चन्द्रभानु सिंह
(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु'
(D) रवीन्द्रनाथ ठाकुर

80. 'स्वतंत्रता अमर हो हमर' केर रचयिता छथि

(A) रवीन्द्रनाथ ठाकुर
(B) सुकान्त सोम
(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु'
(D) चन्द्रभानु सिंह

81. 'साहित्य अकादेमी' मे प्रतिनिधि छलाह

(A) चन्द्रभानु सिंह
(B) तारानन्द वियोगी

(C) बुद्धिनाथ मिश्र | (D) विद्यानाथ झा 'विदित'

82. 'राम जाइत छथि' उदाहरण थिक

(A) पूर्ण वर्तमान कालक | (B) अपूर्ण वर्तमान कालक

(C) सामान्य वर्तमान कालक | (D) भविष्यत् कालक

83. 'अप' उपसर्गसँ बनल शब्द नहि थिक

(A) अपवाद | (B) अपयश

(C) अपटु | (D) अपराध

84. बिसरब क्रियासँ विशेषण बनैछ

(A) विसृत | (B) बिसरल

(C) विस्मृत | (D) उक्त तीनू

85. 'यात्री' जी नहि लिखने छथि

(A) कविता | (B) नाटक

(C) निबन्ध | (D) कथा

86. अंबेदकर बैरिस्टर बनलनि

(A) भारतमे | (B) लंदनमे

(C) जर्मनीमे | (D) अमेरिकामे

87. याज्ञवल्क्य भेल रहथि

(A) कृति जनकक समयमे | (B) राजा निमिक समयमे

(C) मिथिक समयमे | (D) इक्ष्वाकुक समयमे

88. 'वट' प्रत्ययसँ बनल शब्द थिक

(A) सजावट | (B) लिखावट

(C) मिलावट (D) उक्त तीनू

89. 'सज्जन' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ

(A) सज्ज + न (B) स + जन

(C) सत् + जन (D) सत + ज्जन

90. महेन्द्र मंलंगिया लिखने छथि

(A) काठक लोक (B) लक्ष्मण रेखा खण्डित

(C) राजा सलहेस (D) उक्त तीनू

91. चन्दा झाक गाम छनि

(A) पिण्डारुच्छ (B) तरौनी

(C) मलंगिया (D) वनगाँव

92. 'दालि–भात' शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) द्विगु (B) द्वन्द्व

(C) बहुब्रीहि (D) अव्ययीभाव

93. 'जोगर'क अर्थ नहि होइछ

(A) काजक (B) योग्य

(C) जादूगर (D) उपयुक्त

94. पाठ्यांशमे 'भारतीय स्वतंत्रता संग्राम एवं संविधानक रूपरेखा' साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ

(A) कथा (B) समीक्षा

(C) एकांकी (D) निबंध

95. भाग्यनारायण झा लिखित नाटक थिक

(A) परदेश (B) मनोरथ

(C) सोनक ममता (D) उक्त तीनू

96. कानपुरमे 'सिपाही विद्रोह'क नेतृत्व कयने रहथि

(A) नाना साहब (B) वीर कुँवर सिंह

(C) मंगल पांडे (D) भगत सिंह

97. भारतक अपन संविधान लागू भेलैक

(A) 9 अगस्त, 1942 मे (B) 26 जनवरी, 1942 मे

(C) 26 जनवरी, 1950 मे (D) 15 अगस्त, 1950 मे

98. जयकान्त मिश्रक जन्म भेलनि

(A) 20 नवम्बर, 1919 मे (B) 20 नवम्बर, 1920 मे

(C) 19 नवम्बर, 1921 मे (D) 20 नवम्बर, 1922 मे

99. मैथिलीमे पहिल अनुवादक छथि

(A) विद्यापति (B) मनबोध

(C) चन्दाझा (D) जयकान्त मिश्र

100. 'कवि कंठहार' कहल गेल छनि

(A) विद्यापतिकेँ (B) मनबोधकेँ

(C) चन्दा झाकेँ (D) चन्द्रभानु सिंहकेँ

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. निम्नलिखितमे सँ कोनो **एक** विषय पर निबन्ध लगभग (250–300) शब्द मे लिखू :

***1x10=10***

(क) बाढ़ि

(ख) अहाँक प्रिय कवि

(ग) इंटरनेट

(घ) आतंकवाद

(ङ) कोविड–19

2. निम्नलिखितमे कोनो **एक** प्रश्नक उत्तर दिअ ***1x7=7***

(क) बिलम्ब शुल्क माफ करबा लेल प्रधानाचार्यसँ आवेदन करू।

(ख) परीक्षाक तैआरीक चर्चा करैत अपन ज्येष्ठ भाइकेँ पत्र लिखू।

3. निम्नलिखितमे कोनो **दू** उद्धरणक शीर्षक दैत संक्षेपण करूः ***2x4=8***

(क) प्रकृति स्वावलम्बनक महान् शिक्षक अछि, समय पर गर्मी होइछ, जाड़ लगैछ, वर्षा होइछ, पाला पड़ैछ, आम मजरैछ, पतझड़ होइछ आ पल्लब पनपैछ, यद्यपि बाह्य कारण ओकर संग नहि दैछ। पशु प्यास लगने डकरय लगैछ आ भूख लगने डोरी हनय लगैछ, पक्षी खढ़–पात, घास–लता आदि सामान चुनि कय खोंता बना लैछ, जंगली जानवर भूख लगला पर शिकारक टोहमे अपन स्थानसँ बाहर अबैछ आ भूखक ज्वालाकेँ शान्त करैछ तथा कीड़ा–मकोड़ा सभ जीव जीविका लेल अपन पयर पर ठाढ़ रहि स्वावलम्बनक शिक्षा दैछ।

(ख) समाज सेवा एक पुनीत कार्य अछि। एहि कार्यक सम्पादन लेल समाजक सभ वर्गकेँ आगू आबऽ पड़तैक, एहि कार्य लेल समाजसेवीकें तैआरी करय पड़तनि। हुनक कर्त्तव्य रहतनि जे ओ कुरीति आ स्वार्थकेँ तिलांजलि दय त्याग आ तपस्याकेँ अपनाबथि। जतय समाजक सुख आ मानक प्रश्न उपस्थित होयतैक

ततय हुनका वैयक्तिक सुख आ मानक त्याग करय पड़तनि। तखनहि ओ समाज–सेवा कय सकताह आ एहि पुनीत कार्य करबामे सफल होयताह।

(ग) डॉ0 अमरनाथ झाक उन्नतिक साधन हुनक अलौकिक कार्य क्षमता एवं सुदृढ़ संकल्प शक्ति छलनि। जे कार्य आरम्भ करैत छलाह ओकरा बिनु समाप्त कयने हिनका शांति नहि होइत छलनि। आजुक काज काल्हि पर राखब हिनका अबितहि नहि छलनि। आलस्यक तऽ गन्धो नहि छलनि। समय केहन मूल्यवान वस्तु थिक ओ तकर उपयोग कोना करी, ई हिनक जीवनक आदर्श छल।

(घ) सौभाग्यसँ आइ हमरा सभकेँ अपन देशक स्वरूप–निर्माण करबाक अवसर प्राप्त भेल अछि, जौँ एखन हम अपन उत्तरदायित्व नहि बूझी तँ हमर ई अक्षम्य अपराध होयत। सम्प्रति जे भारतक सामाजिक तथा राजनीतिक परिस्थितिक अध्ययन करताह तनिका स्पष्ट देखि पड़तनि जे पाश्चात्य देशक भौतिकवादक भित्ति पर निर्मित सिद्धान्त सभक बाढ़ि सँ ई पवित्र देश इतस्ततः ध्वस्त भए रहल अछि। एहि हेतु आवश्यक छैक जे प्राचीन भारतीय साहित्य अध्ययन करबाक सभ प्रकारक सुविधा कएल जाय।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एक** टाक आशय लिखू: ***1x5=5***

(क) हम दोसराक माय–बहीनके अपन माय–बहिन नहि बुझबै तँ कतेक काल टिक सकबैक ? दोसराक इज्जति लऽ कऽ चलबै तऽ ओकर रक्षामे प्राणे चलि जेतैक ने, कोनो परिबाहि नहि।

(ख) जीवाक लेल, जगत लेल,

आवश्यक होइछ बच्चा

वर्तमान होइछ–भविष्य होइछ

जीवनक अर्थ होइछ बच्चा।

5. निम्नलिखित लघूत्तरीय प्रश्नमे कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू : ***5x2=10***

i. जंगलीसभ गाछ–वृक्षकेँ देवता जकाँ किएक पूजऽ लागल ?

ii. क्रैक नाम किएक राखल गेल छल ?

iii. संसारसँ त्यागी किएक नहि भऽ सकैत छथि, बाबा ?

iv. कर्मवीरसँ अहाँ की बुझैत छी ?

v. भरदुतियामे बहिनक उत्सुकताक वर्णन करू।

vi. कवि जवान आ किसानकेँ जय–जयकारा करैत छथि, किएक ?

vii. असहयोग आन्दोलनक मतलब लिखू।

viii. 'वन्दना' शीर्षक कवितामे कोन–कोन महापुरुषक चर्चा भेल अछि ?

ix. मांगन खवासकेँ सिन्दुर किएक खुआ देल गेल रहनि ?

x. 'नचारी' आ 'महेसबानी'मे एक–एक अन्तर बताउ।

6. निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्नमे कोनो **दू** प्रश्नक उत्तर लिखू : ***2x5=10***

(क) चन्द्रमुखीक चरित्र–चित्रण करू।

(ख) स्वतंत्रता आन्दोलनमे गाँधीजी कोन तरहेँ सहयोग कयलनि, उल्लेख करू।

(ग) 'समय–साल' कविताक भावार्थ लिखू।

(घ) सुभद्रझाक जीवन यात्राक (नौकरीक संदर्भमे) वर्णन करू।

x x x